

BAB III METODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan nyaéta léngkah-léngkah sistematis nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, nganalisis data, napsirkeun jeung nyindekkeun hasil panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif analitik. Nurutkeun Sugyono (2011, kc. 15) nétélakeun yén métode panalungtikan kualitatif nyaéta métode panalungtikan nu miboga landasan dina filsafat *postpositivisme*, digunakeun pikeun nalungtik dina kondisi objék nu alamiah, dimana panalungtik nyaéta salaku instrumén konci, téhnik ngumpulkeun data nu dilakukeun ku cara gabungan (*trianggulasi*), analisis data miboga sipat induktif, sarta hasil panalungtikanana leuwih nekenkeun ma'na batan *generalisasi*.


Sakumaha ditétélakeun ku Arikunto (2010, kc. 3) yén métode déskriptif nyaéta panalungtikan anu dimaksud pikeun maluruh kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjén nu geus disebutkeun, anu hasilna didadarkeun dina wangun laporan panalungtikan. Karakteristik poko nu jadi puseur dina panalungtikan kualitatif nyaéta pikeun ma'na. Éta hal luyu jeung tiori Sugyono nu nétélakeun yén réalitas dina panalungtikan kualitatif mangrupa kontruksi tina pamahaman pikeun sakabéh data katut ma'nana.

Data anu dicangking mangrupa ungkara téks caritaan anu nyampak dina novel *Munjung* karya Moh. Ambri anu satuluyna diulik struktur téma, galur, penokohan, jrrd., tur dipedar ngeunaan unsur antropologi sastrana. Digunakeunana ieu métode kualitatif, déskriptif analitik miboga tujuan pikeun ngadékrisikeun jeung nganalisis struk carita struktur carita katut antropologi sastra dina novel *Munjung* karya Moh. Ambri.

3.1 Désain Panalungtikan

Saméméh nalungtik, panalungtik nyusun rarancang heula, anu satuluyna disebut désain panalungtikan. Nututkeun Arikunto (2010, kc. 90) désain (*design*) panalungtikan nyaéta rencana atawa rarancang nu dijieun ku panalungtik, salaku *ancar-ancar* kagiatan, nu bakal dilaksanakeun.

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Désain panalungtikan bisa dibagankeun saperti kieu:



Bagan 3. 1
Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sanggeus milih désain panalungtikan, panalungtik milih sumber data. Sakumaha ditétélakeun ku Arikunto (2010, kc. 172) yén nu dimaksud sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta subjék ti mana data nu dicangking. Saupama panalungtikan ngagunakeun kuosioner atawa wawancara dina ngumpulkeun datana, sumber data disebut réspodén, nyaéta jalma nau ngaréspon atawa ngajawab naon-naon anu ditanya ku panalungtik, boh sacara lisan boh sacara tulisan. Upama panalungtik ngagunakeun téknik observasi, sumber datana bisa mangrupa benda gerak atawa prosés hiji hal.

Sakumaha nu geus didadarkeun tina pamadegan di luhur yén data dina ieu panalungtikan nyaéta analisis struktur carita jeung unsur antropologi sastra. Sumber data anu bakal dipaluruh nyaéta salasihiji karya sastra dina wangun novel. Anapon novel anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta novel anu judulna *Munjung* karya Moh. Ambri anu dipedalkeun ku PT. Kiblat Buku Utama dina taun 2003.

3.2.1 Idéntitas Buku

Judul : *Munjung*
Pangarang : Moh. Ambri
Pamedal : Kiblat Buku Utama
Kandelna : 60 kaca
Taun : 2003 (cetakan ka-1 ku PT Kiblat)



Gambar 3. 1
Jilid Novel Munjung

Sumber: Novel *Munjung* karya Moh. Ambri, 2003.

Novel *Munjung* karya Moh. Ambri mangrupa novel anu génréna *horror* atawa anu patalina jeung mistis atawa alam gaib salian ti kahirupan manusa, nya éta jin jeung sétan. Dina ieu novel nyaritakeun kahirupan masarakat palemburan Sunda dina jaman baheula anu hayang beunghar ku cara gancang, nyaéta salasihijina cara pikeun loba harta téh munjung ka salian ti Pangéran di antarana jurig, jin, demit, jeung siluman. Réa paripolah manusa dina néangan harta ku sagala cara dina wangun munjung ka jin jeung siluman, aya nu disebut *ngipri*, *muhit bagong*, *ngopét*, jrrd.

3.2.2 Biografi Singget Pangarang

Mohammad Ambri dilahirkeun tanggal 8 Séptémber 1892 di Sumedang, salasihiji sastrawan réalis Sunda pinunjul. Satamatna ti Sakola Guru (kweekschool), diangkat jadi calon guru HIS di Semarang, dipindahkeun ka Tasikmalaya, Sumedang, Purwakarta, Bandung, tuluy jadi guru sakola Guru Normal (Normalscool) di Purwakarta. Taun 1931 eureun jadi guru tur diangkat jadi rédaktur Balai Pustaka sarta tilar dunya di Jakarta tanggal 5 April 1936. Salila

jadi rédaktur Balai Pustaka, Moh. Ambri medalkeun genep judul buku karangan asli, sarta genep welas judul tarjamahan katut saduran. Di antara karanganana anu kasohor nya éta *Ngawedalkeun Nyawa, Burak Siluman, Munjung, Lain Éta, Numbuk di Sué, Pusaka Ratu Teluh, Nabi Sulaiman*, jeung *Si Kabayan Jadi Dukun* (Ambri, 2003, kc. 5).

Salaku panganteur karangan-karanganana ka masarakat henteu cukup ku katerangan yén Mohammad Ambri téh kasebut ahli lelembut, tabah kana élmu batin bangsa anu gaib-gaib, duméh loba karanganana anu patali jeung jurig atawa sétan siluman.

(**Sumber:** Utuy T. Sontani dicutat tina panganteur novel *Munjung*, 2003)

3.2.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik panalungtikan ulikan pustaka (studi pustaka). Data-data nu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara studi kepastakaan. Ulikan bahan pustaka atawa ilaharna sok disingget *kaji pustaka* atawa telaah pustaka (*literature review*) mangrupa kagiatan ngaguar, maluruh jeung ngaidéntifikasi pangaweruh (Arikunto, 2009, kc. 58). Pikeun nyangking pamahaman dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun cara *studi literature* atawa *studi pustaka* anu sumber datana tina novel *Munjung* Karya Moh. Ambri. Tuluy pikeun maham kana eusi caritaanana panalungtik maca bulak-balik eusi caritaan dina novelna.

Dumasar kana pedaran di luhur, aya sababaraha wangun léngkah-léngkah nu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Anapon léngkah-léngkah dina téhnik ngumpulkeun data nya éta.

- a. maca buku-buku anu patalina jeung tiori strukturalisme jeung antropologi sastra. Ieu hal dilaksanakeun sangkan babari dina tahap analisis data;
- b. nangtukeun sumber data dina wangun tinulis nyaéta novel *Munjung* karya Moh. Ambri;
- c. maca sagemblengna eusi caritaan novel *Munjung* karya Moh. Ambri;
- d. nyirian téks sarta omongan dina caritaan minangka unsur antropologi sastra;
- é. nyalin téks sarta omongan dina caritaan minangka antropologi sastra; kana tabél nu disusun.

3.2.2 Instrumen Panalungtikan

Sangkan data anu dicangking leuwih hadé, dina panalungtikan dilarapkeun métode panalungtikan ngagunakeun instrumén atawa alat. Instrumén nyaéta alat dina waktu panalungtikan ngagunakeun hiji métode (Arikunto, 2010, kc. 192). Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Mardalis (2003, kc. 60) yén harti konsép instrumén dina panalungtikan nyaéta alat ukur. Ku ayana ieu panalungtikan bisa dikumpulkeun salaku alat pikeun ngukur gedéna atawa perséntase sacara sakurang-kurangna dina wangun kuantitatif atawa kualiatif.

Insturmén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tabél jeung kartu data. Sakabéh data unsur antropologi sastra dina novel *Munjung* karya Moh. Ambri téh disalin kana tabél jeung kartu data sarta dibéré idéntitas. Masing-masing idéntitas nuduhkeun judul novel, kaca, ungkara, jeung posisi téksna anu satuluyna dipaluruh deui unsur antropologi sastrana. Anapon format tabél jeung kartu datana saperti ieu di handap:

Tabél 3. 1
Conto Tabél Struktur Novel Munjung

No.	Unsur-Unsur Pangwangun Karya Sastra	Cutatan Carita	Kaca
1.	Téma		
2.	Galur		
3.	Latar		
4.	Tokoh jeung Penokohan		
5.	Gaya Basa		

1) Kartu Analisis Struktur Carita

a. Téma

<p style="text-align: center;">Kartu Analisis Téma</p> <p>Kode data:</p> <p>Cutatan:</p> <p style="text-align: right;">(Kaca)</p>
--

Gambar 3. 2
Kartu Analisis Téma

b. Fakta Carita

Kartu Analisis Fakta Carita	
Kode data:	
Cutatan:	(Kaca)

Gambar 3. 3
Kartu Analisis Fakta Carita

c. Sarana Sastra

Kartu Analisis Sarana Sastra	
Kode data:	
Cutatan:	(Kaca)

Gambar 3. 4
Kartu Analisis Sarana Sastra

2) Kartu Analisis Antropologi Sastra

a. Mangsa Heubeul

Kartu Analisis Mangsa Heubeul	
Kode data:	
Cutatan:	(Kaca)

Gambar 3. 5
Kartu Analisis Mangsa Heubeul

b. *Kearifan Lokal*

Kartu Analisis <i>Kearifan Lokal</i>	
Kode data:	
Cutatan:	(Kaca)

Gambar 3. 6
*Kartu Analisis *Kearifan Lokal**

c. Folklor (Tradisi Lisan jeung Sastra Lisan)

Kartu Analisis Folklor	
Kode data:	
Cutatan:	(Kaca)

Gambar 3. 7
Kartu Analisis Folklor

d. Mitos

Kartu Analisis Mitos	
Kode data: MUNJUNG/15/3/1	
Cutatan : Naha nya jelema téh hayang beunghar maké kudu munjung?	(kaca 15)

Gambar 3. 8
Kartu Analisis Mitos

Keterangan Kode Data:

Conto:

Kode Data: MUNJUNG/1/2/5

Munjung = nuduhkeun kana judul novel

1= nuduhkeun kana kaca

2= nuduhkeun kana bagian carita (episode)

5= nuduhkeun kana paragraf

3.3 Analisis Data

3.4 Téknik Ngolah Data

Sanggeus data kakumpul tina hasil ngumpulkeun data, satuluyna panalungtik ngolah data anu geus aya. Téhnik ngolah data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis data. Dina nganalaisna, panalungtik ngagunakeun téhnik analisis data kalayan pamarekan kualitatif. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 278) sacara gurat badag, nganalais data ngawengku kana tilu léngkah, nyaéta persiapan, *tabulasi*, sarta nerapkeun data luyu jeung

pamarekan panalungtikan. Sakumaha nu ditélélakeun ku Astohar (2010, kc. 37) analisis data kualitatif dilakukeun nalika data émpiris anu dicangking nyaéta data kualitatif anu mangrupa kumpulan nu ngawujud kekecapan, lain susunan angka sarta henteu bisa disusun dina katégori-katégori atawa struktur klasifikasi. Jadi, dina ieu panalungtikan analisis datana henteu ngagunakeun prosés ngitung sacara matematis atawa statistika salaku alat bantu nganalisisna. Anapon anu dianalisisna nyaéta analisis struktur carita katut unsur magisna dina novel *Munjung* karya Moh. Ambri.

3.4.2 Téhnik Analisis Struktur Carita Novel *Munjung*

Tahap awal anu dilakukeun pikeun nganalisis data nyaéta analisis struktur carita dina novel *Munjung* karya Moh. Ambri. Struktur novelna baris dianalisis ngagunakeun tiori strukturalisme Robert Stanton, anu ngawengku:

- 1) téma novel *Munjung*
- 2) fakta carita novel *Munjung* (galur, palaku jeung watek atawa penokohan, jeung latar)
- 3) sarana sastra novel *Munjung* (judul, puseur implengan, jeung gaya basa)

3.4.3 Téhnik Analisis Unsur Antropologi Sastra Novel *Munjung*

Dina analisis unsur antropologi sastra dina novel *Munjung* ngagunakeun Nyoman Kutha Ratna. Sacara gurat badagna unsur antropologi sastra diwangun ku opat unsure anu ngawengku:

- 1) Mangsa Heubeul;
- 2) *Kearifan lokal*;
- 3) Folklor (tradisi lisan jeung sastra lisan); jeung
- 4) Mitos